

## NOTIFIKASYON POU ENSKRIPSYON ELÈV K AP APRANN ANGLE

Chè Paran/Responsab Legal:

Lèt sa a se pou fè ou konnen nou te fè yon evalyasyon pou pitit ou, \_\_\_\_\_, ak Nimewo Idantifikasyon Elèv \_\_\_\_\_, ak tèz konpetans nan lang angle WIDA a \_\_\_\_\_ epi li te reyalize yon nòt konpoze \_\_\_\_\_. Se poutèt sa, nou te idantifye pitit ou kòm yon Elèv k ap Aprann Angle (English Learner, EL) epi li pral resevwa sipò nan Pwogram Edikasyon Enstriksyon Lang (Language Instruction Educational Program, LIEP), tout moun plis konnen sou non Angle kòm yon Dezyèm Lang (English as a Second Language, ESL)

Objektif **LIEP** se pou ede pitit ou aprann angle pou li kapab konprann leson li gen chak jou yo, patisipe nan lekòl la, epi satisfè nòm akademik ki apwopriye pou pwomosyon klas li ak gradyasyon. Pou li kapab sòti nan **LIEP**, pitit ou a dwe satisfè kritè Depatman Edikasyon Pennsylvania pou reklasifikasyon. Distri Lekòl Philadelphia a egzaminen kijan Elèv k ap Aprann Angle yo travay chak ane pou detèmine ki elèv k ap aprann angle ki kalifye pou reklasifikasyon. Ou ka wè kritè pou reklasifikasyon an nan sitwèb Depatman Edikasyon Pennsylvania a nan <https://www.education.pa.gov/>.

Selon lwa federal ki rele Lwa pou Tout Elèv Reyisi (**Every Student Succeeds Act, ESSA**), gen kèk elèv ki kapab jwenn plis sèvis lè li disponib. Sèvis sa yo ka gen ladan leson patikilye, pwogram sou entènèt, oswa pwogram apre lekòl ak pwogram dete yo. Paran elèv k ap aprann angle yo gen dwa pou yo refize sèvis sa yo, epi yo gen dwa pou yo refize sèten pwogram enstriksyon apa ki ka fè pati **LIEP** pitit ou a. Si ou ta renmen refize sèvis oswa ou gen lòt kesyon konsènan **LIEP** a, tanpri kontakte Direktè lekòl ou a pou pran yon randevou avèk Biwo Kourikoulòm ak Pwogram Plizyè Lang la (Office of Multilingual Curriculum and Programs, OMCP).

Li ap yon gran plezi pou nou kontinye travay ak ou pou kore reyalizasyon akademik pitit ou a.

Ak tout kè mwen,

\_\_\_\_\_  
Non Administratè Tès

\_\_\_\_\_  
Tit Administratè Tès

\_\_\_\_\_  
Siyati Administratè Tès

\_\_\_\_\_  
Dat la

## KESYON MOUN POZE SOUVAN

### 1. Ki evalyasyon anyèl yo itilize pou teste konpetans pitit mwen an nan lang angle?

Yo itilize evalyasyon ACCESS for ELs® la chak ane pou detèmine konpetans pitit ou an nan lang angle. Yo bay evalyasyon sa a ant janvyè ak fevriye chak ane eskolè e yo administre li swa sou entènèt oswa avèk papye ak kreyon. Elèv yo resevwa yon nòt ant 1.0 ak 6.0 (6.0 nòt ki pi wo a).

### 2. Kisa yo teste egzakteman nan evalyasyon ACCESS for ELs® la?

Y ap evalye pitit ou a sou fason li ekri, li, pale, ak koute ak lang angle. Souvan yo rele matyè sa yo "Domèn." Chak domèn jenere yon nòt kote, lè yo mete yo ansanm, pwodwi yon nòt konpoze jeneral, ki se nivo konpetans pitit ou nan lang angle. Chak domèn gen ladan kesyon sou syans sosyal, lasyans, matematik, ak literati.

### 3. Èd yo pral di mwen kijan pitit mwen te travay nan nan evalyasyon ACCESS for ELs® la?

Wi, n ap fè ou konnen nan fen chak ane akademik kijan pitit ou te travay nan evalyasyon ACCESS for ELs® la. Y ap voye yon rapò nan adrès lekòl la gen nan dosye pitit ou a, oswa yo pral bay pitit ou rapò a pou li ba ou.

### 4. Kijan m ap fè jwenn enfòmasyon sou pwogrè pitit mwen ak konpetans li nan lang angle pandan tout ane akademik la?

Pandan ane akademik la, w ap resevwa rapò pwovizwa sou fason pitit ou ap travay sou plan akademik ak sosyal. Yo ankouraje paran / responsab legal yo tou yo ale nan Konferans sou Kanè yo nan fen chak trimès. Distri Lekòl Philadelphia a ofri twa (3) Konferans sou Kanè pandan tout ane akademik la. Tanpri al kote pwofesè pitit ou a pou dat sa yo.

### 5. Nan konbyen pitit mwen an ta sipoze vin gen konpetans nan lang angle epi soti nan LIEP a?

Plizyè faktè enfluyans konbyen tan yon elèv pran pou aprann angle. Sa yo gen ladan yo laj elèv la, eksperyans li te gen nan lang angle avan, ak konpetans elèv la langaj ak alfabetizasyon nan lang lakay li. Pou elèv ki antre nan lekòl la lè yo pa okenn okenn angle oswa yo konnen yon ti kras, objektif la se pou yo vin gen konpetans nan sis (6) ane akademik. Elèv ki kòmanse ak pi bon nivo nan lang angle yo ta dwe rive nan konpetans nan angle pi bonè. Men, pwogrè chak elèv inik, epi pwofesè yo konsidere plizyè faktè lè yo kontwòle pwogrè elèv yo nan aprann angle. Nou ankouraje paran/responsab legal yo diskite pwogrè pitit yo nan aprantisaj lang angle pandan Konferans sou Kanè yo oswa li ka pwograme yon randevou ak paran pwofesè pitit li a.

### 6. Kote kiyès mwen ta dwe ale si pitit mwen gen pwoblèm nan lekòl la?

Ou dwe diskite tout enkyetid ou gen rapò ak pitit ou a avèk pwofesè pitit ou a. Si pwofesè a pa la, ou ka toujou kominike ak Direktè lekòl la. Pou jwenn enfòmasyon pou kontakte Direktè ou a, ale sou <https://www.philasd.org/directory/school-directory/>.

**7. Kisa k ap pase si pitit mwen an gen yon andikap?**

Si pitit ou a gen yon andikap, epi li se yon elèv k ap aprann angle tou, li pral resevwa tou sipò lang angle ansanm ak sèvis edikasyon espesyal. Yo pral dokimante sèvis sa yo nan Pwogram Edikasyon Espesyalize pitit ou a, oswa Individualized Education Program (IEP), epi yon ekip IEP ki gen yon pwofesyonèl Angle kòm yon dezyèm lang (English as a Second Language, ESL) nan ekip la egzaminen li chak ane. Paran yo dwe ale nan reyinyon evalyasyon IEP chak an a yo tou. Answit, ekip IEP pitit ou a pral travay ansanm pandan tout ane a pou garanti yo mete pwogram enstriksyon yo an plas selon bezwen pitit ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Edikasyon Espesyal Distri Lekòl Philadelphia a, tanpri kontakte Direktè lekòl ou a oswa ale sou <https://www.philasd.org/specializedservices/>.

**8. Kòman mwen ka patisipe plis nan lekòl pitit mwen an?**

Youn nan fason ou ka patisipe nan edikasyon pitit ou a se Konsèy Konsiltatif Lekòl (School Advisory Council, SAC) pitit ou a. Konsèy sa a - ki gen ladan paran, pwofesè, elèv, ak manm kominote a - ede direksyon lekòl la ak planifikasyon pou amelyore lekòl la ak pwofesè la ak pou pran desizyon. Nou ofri dokiman tradwi ak sèvis entèprèt pou manm nivo angle o limite; lang pa ta dwe yon baryè ki evite moun patisipe nan SAC a. Epitou Distri a gen rankont "Wagon Akèy" nan plizyè pati nan Vil la pandan tout ane akademik la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou evenman sa yo, tanpri ale sou sitwèb biwo Angajman Fanmi ak Kominote (Family and Community Engagement, FACE) a nan <https://www.philasd.org/face/>.

**9. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou travay kòm paran yon elèv k ap aprann angle, ale sou <https://wida.wisc.edu/teach/learners/engagement>. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Biwo Kourikoulòm ak Pwogram Plizyè lan Distri Lekòl Philadelphia a, ale sou <https://www.philasd.org/multilingual/>.